

Inondasyon sou Tè ak nan Mare

Chanjman klimatik la ogmante risk inondasyon nan Massachusetts, espesyalman nan zòn ki bò lanmè oswa nan plèn yo. Gen kèk inondasyon ki devlope tou dousman, pandan inondasyon sanzatann yo ka rive nan kèk minit oswa kèk èdtan aprè yon tanpèt. Lè lanmè a monte, sa ogmante inondasyon mare yo epi lakòz pi gwo vag tanpèt.

Sèvi ak dlo inondasyon ka lakòz ou fè maladi moun pran nan bakteri, ou gen efeksyon, ou ekspoze ak danje chimik, ou nwaye, debri blese w, ak ba w pwoblèm pou respire akoz mwazi. Efè chanjman klimatik la kapab gen konsekans sou sante mantal tou paske li lakòz moun pèdi kay ak travay yo.

Ki moun ki plis an danje?

- Timoun ki pokò gen 5 lane
- Moun ki gen sistèm iminitè yo ki fèb
- Moun ki gen opresyon, alèji, ak lòt pwoblèm respiratwa
- Moun ki fè tansyon
- Moun ki fasil pou yo malad akoz chalè



Kisa nou kapab fè nan ka sa a?

- [Kreye yon plan pou si ta gen tanpèt](#)
- [Kreye yon twous ijans;](#) mete tout medikaman ki nesesè yo ladan li
- [Konnen zòn inondasyon ak zòn delij yo](#)
- Rete enfòme: tcheke [alèt yo](#) pou enfòmasyon ijans yo
- Kite kote w ye a rapid si yo konseye w pou fè sa
- Pa kondi nan dlo inondasyon yo — kase tèt tounen pito.
- Evite manyen dlo oswa fouye pye w nan dlo inondasyon ak labou ki kapab kontamine ak luil, gazolin, oswa dlo ki pa trete.
- Aprè inondasyon an, analize pi ki prive ou genyen yo pou w kapab wè si yo pa kontamine.
- Repare twalèt yo pi vit ou kapab fè sa
- Konsilte [enstriksyon EPA yo](#) pou kapab evalye epi retire mwazi
- Chèche resous sante mantal pou fè fas ak pèt, perèz, ak estrès

W ap jwenn plis enfòmasyon sou:
mass.gov/ClimateAndHealth



Bureau of Climate and Environmental Health
Environmental Toxicology Program
Massachusetts Department of Public Health